




## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### DISTANS SOSYAL

Asire omwen 6 pye separasyon ant moun yo

Fèmen oswa rekonfigire espas komen travayè yo ak zòn wo dansite kote travayè yo gen chans pou regwoupe (egzanp., sal repo, sal-a-manje) pou pèmèt distans sosyal; retire chèz yo ak/oswa itilize makè distans pou asire espas (egzanp estasyon netwayaj, espas kontwa, espas biwo)

Kenbe yon distans fizik nan biznis yo avèk plizyè moun kap pran swen bèt domestik lè ou limite kantite moun kap pran swen domestik kap travay ansanm anmenmtan, travay nan chak tab, ak otorize yon travayè ak yon bèt domestik alafwa nan zòn benyen bèt domestik la

Patisyon fizik dwe separe estasyon travay ki pa kapab espas (patisyon yo dwe piwo pase yon travayè ki kanpe)

Vire lè travay, poz ak manje, règleman kantite moun maksi mòm nan yonsèl kote ak asire yon distans fizik 6 pye nan distans fizik

Kominike avèk kliyan yo pa telefòn oswa videyo pou evite konvèsasyon an-pèsòn

Kliyan yo pa otorize nan biznis oswa etablisman an; Yo dwe depoze bèt domestik sou twotwa etablisman an

Salon netwayaj yo dwe bay kòd pou gide bèt domestik yo kidonk ou pa p manyen kòd mèlèt bèt domestik la nan moman sèvis la

Kliyan yo ta dwe rele oswa tèks lè yo rive pou yo ka fè aranjman pou yo vin depoze ak vin chèche bèt domestik yo

Egzije pou tout travayè ak kliyan yo mete mask, sof si lè yo fè sa kapab lakoz danje ak kondisyon medikal oswa andikap

Yo ka founi sèvis netwayaj ak swen bèt domestik sèlman nan inite mobil, salon, oswa magazen yo

#### Rekòmande pi bon pratik yo

Amelyore vantilasyon pou espas fèmen yo lè sa posib (egzanp., ouvè pòt ak fenèt yo)

Yo ankouraje metòd peman san kontak



### PWOTOKÒL IJYÈ

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou sit la, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòde sifizaman tan poz pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl

Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)

Evite pataje zouti ak materyèl ant travayè yo

Afiche siy vizib nan tout sit la pou fè travayè yo sonje pwotokòl ijyè ak sekirite

Anvan pou aksepte yon bèt domestik, mande pwopriyetè a si okenn moun nan kay la gen COVID-19. Yo pa ka otorize swen bèt domestik si yon moun nan kay kliyan an konfime pozitif oswa sispèk yo genyen COVID-19



### PÈSONÈL & OPERASYON

Bay travayè yo fòmasyon sou estanda sekirite, dènye enfòmasyon sou sekirite ak prekosyon sa ki gen ladan ijyè ak lòt mezi sou sekirite ki vize nan redwi transmisyon maladi

Ajiste lè ak orè nan plas travay la (ogmante ekip travay la avèk diferan orè oswa vire lè arive /depa) pou diminye kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon nan pwèn dantre yo

Pa otorize vizitè oswa kliyan sou sit la, depoze bèt domestik dwe fèt deyò. Limite vizitè ak founisè sèvis sou sit la, anbakman ak livrezon ta dwe fèt nan zòn ki deziyen yo

Travayè yo dwe rete lakay yo si yo santi yo malad

Si yo enfòme anplwayè sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a pral enfòme Komisyon Depatman Sante Lokal (LBOH) epi travay avèk yo pou retrase posib kontak nan plas travay la ak konseye travayè yo pou yo izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka mande pou lòt travayè yo fè tès ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH

Afiche siy vizib pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi sekirite enpòtan jan li souliye nan gid gouvènman an

#### Rekòmande pi bon pratik

Yo ankouraje travayè yo ki patikilyèman vilnerab pou COVID-19 dapre Sant pou Kontwòl Maladi (egzanp akòz laj oswa lòt kondisyon kache) pou yo rete lakay yo

Ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm yo poukont ou oswa nenpòt kontak yo sispèk ki genyen COVID-19 bay anplwayè a

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrase kontak.



### NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan sou sit la (omwen chak jou ak pi souvan si posib)

Kenbe jounal netwayaj ki gen ladan dat, lè ak etandi netwayaj la

Dezenfekte souvan zòn ki gen anpil transpò yo ansanm avèk sifas yo manyen anpil yo (egzanp., manch pòt, twalèt)

Sizoka gen yon ka pozitif, fèmen sit la pou yon netwayaj ak dezenfektan apwofondi nan plas travay la annakò avèk gid aktyèl CDC yo

Dezenfekte zouti yo ant kliyan yo (egzanp., resipyan chanpou, sizy, peny, bwòs)